

## Ragam Basa Sajrone Pacaturan Dol Tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya

BAGUS AKBAR GUMELAR

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Jawa  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitan Negeri Surabaya

bagus.warnet@gmail.com

### ABSTRAK

Panganggone basa sing warna-werna ing antarane bisa ditemokake ing saben-saben pakaryan, kaya ta pakaryan dol tinuku. Panliten iki njupuk objek Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya lan punjere panliten luwih cundhuk marang wujud wernane basa kaya ta *variasi tembung, sosiolek, lan idiolek*.

Dhasar panliten iki yaiku ngenani wernane basa. Kalebu *sosiolek lan idiolek*. Ancas panliten iki yaiku ngandharake kepriye wae wujud wernane basa, wujud *sosiolek, lan idiolek* sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya. Paedah teoretis panliten iki yaiku bisa menehi sumbangsih marang panliten ngenani panganggone basa. Paedah praktise supaya bisa migunani tumrap pasinaon sosiolinguistik.

Panliten iki minangka panliten sosiolinguistik awit ngrembug basa sing ana sesambungane karo kahanan sosial sajrone bebrayan. Panliten iki asipat deskriptif. Teori sing digunakake yaiku teori sosiolinguistik Chaer. Metodhe sing digunakake yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Dhata panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan. Sumber dhata panliten iki yaiku pacaturan dol tinuku sing ditindakake dening bakul lan wong sing tuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya.

Wernane basa sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya kaperang dadi telu yaiku *sosiolek, idiolek, lan variasi tembung*. Dene wujud tindak basa sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya kaperang dadi wujud *alih kode lan campur kode*.

**Tembung Wigati: Ragam Basa, Pacaturan, Dol tinuku, Pasar Jongkok, Sosiolinguistik.**

### PURWAKA

#### LELANDHESAN PANLITEN

Sajrone kahanan sing maneka warna, basa bisa digunakake kanggo ngandharake kekarepane pamicara marang mitra wicara, utawa panulis marang pamaca. Sajrone saben-saben kahanan *komunikasi* sing diadhepi, kapilih salah siji *variasi* panganggone basa. Tetembungan sing digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka warna-wernane panganggone basa iku diarani ragam basa (Hastuti, 2003:8).

Saka panemu ing ndhuwur bisa dingerteni yen basa minangka sarana *komunikasi* tumrap manungsa. Manungsa bisa ngandharake apa sing dikarepake marang liyan lumantar basa. Basa bisa dadi titikane kapribaden sawijine bangsa. Kejaba saka iku, saka basa bisa diweruhi kepriye kapribadene sawijine pawongan, uga tataran ilmune. Basa sajrone panguripan minangka bab sing wigati kanggo slarase *komunikasi*. Panganggone basa sajrone bebrayan akeh warna-wernane. Ora mung basa sing cundhuk karo paramasastra, nanging uga asring ditemokake basa sing panganggone uwal saka paramasatra. Perkara iku sing jenenge wernane basa.

Panganggone basa sing warna-werna ing antarane bisa ditemokake ing saben-saben pakaryan. Kaya ta pakaryan dol tinuku. Sajrone pakaryan dol tinuku mesthi nggunakake basa minangka saranane. Ora mungkin saben pawongan bisa nglakoni pakaryan dol tinuku tanpa nggunakake basa. Mula basa sing digunakake sajrone pakaryan kasebut diarani basa pacaturan dol tinuku. Jalaran wong sing adol lan wong sing tuku padha adu guneman supaya padha-padha bisa nggayuh apa sing dikarepake.

Dol tinuku lumrahe ana ing pasar senajan ta bisa wae dilakoni ing papan liya. Pasar yaiku papan sing dianggo dol tinuku barang-barang. (Prawiroatmojo, 1981). Sajrone pasar bisa diweruhi warna-wernane basa sing digunakake dening bakul utawa wong tuku. Mula saka kuwi panliten ngenani ragam basa dol-tinuku luwih trep yen nggunakake objek papan panggonan pasar. Kutha Surabaya dhewe nduweni pirang-pirang pasar sing beda-beda isine. Salah sijine yaiku Pasar Jongkok Wonokromo.

Pasar Jongkok yaiku pasar sing ana ing sisihe stasiun Wonokromo kecamatan Wonokromo kutha Surabaya. Pasar kasebut mung bukak antarane jam 8 bengi nganti jam 2 esuk. Anane diarani *pasar jongkok*

jalaran bakul sing nyuguhake dagangan ing kono padha nggelar klasa lan lesehan. Dene sing tuku padha ndhodhok utawa *jongkok*. Mula diarani pasar Jongkok. Saliyane iku pasar jongkok Wonokromo uga nduweni sebutan liya yaiku *Pasar Maling*. Anane diarani pasar maling jalaran saperangan barang sing didol kaya ta *handphone*, *sepatu*, lan barang-barang liya ora cetha saka ngendi asale. Kahanane barang ora kaya sing didol ing toko. Kaya-kaya barang sing didol iku minangka barang asil saka nyolong. Wektu bukane pasar kasebut uga ora lumrah lan rame-ramene nalika ngancik tengah wengi kaya wektu mergawene para maling.

Para bakul utawa wong tuku lan calon wong tuku nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe. Perkara iki jalaran bebrayan ing Kutha Surabaya dhewe dumadi saka warga sing asale saka dhaerah sing beda-beda, mula ing kutha Surabaya tuwuh pangrembakane basa sing beda-beda. Babagan kasebut ndadekake panliti kepingin mangerteni lan njlentrehake panganggone basa kanthi nganakake panliten ngenani wernane basa. Panliti nganalisis wujud ragam basa utawa wernane basa sajrone Pacaturan dol tinuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.

Panliten ngenani wujud ragam basa minangka kajian sosiolinguistik wis tau ditindakake ing antarane, Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger Lan Endah Koeswanto, Ragam Bahasa Jawa dalam Ludruk Karya Budaya dengan Lakon “Trubus Kudu Misuh”, Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya Desa Kradenan Kecamatan Purwoharjo Kabupaten Banyuwangi, Ragam Basa Bocah Balita ing TK Al-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar. Panliten-panliten sadurunge beda karo panliten iki, jalaran panliten iki njupuk objek Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya lan punjere panliten luwih cundhuk marang wujud wernane basa kaya ta *variasi* tembung, *sosiolek*, lan *idiolet*.

#### WEWATESAN PANLITEN

Dhasar panliten iki yaiku ngenani wernane basa kaya sing ana ing lelandhesan panliten sing kapisan kaperang dadi wujud wernane basa. Kalebu *sosiolek* lan *idiolet*. Saliyane iku panliten iki diwatesi pirembugan ngenani *kontak* basa kaya ta *interferensi*, *alih kode*, lan *campur kode*. Wewatesane panliten iki digawe supaya panliten iki ora ngawur lan mblabar teka endi-endi. Bakune supaya panliten iki tumata.

#### UNDERANE PANLITEN

(1) Kepriye wujud wernane basa sajrone Pacaturan dol tinuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya?

(2) Kepriye wujud *alih kode* lan *campur kode* basa ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya?

#### ANCAS PANLITEN

- (1) Mangerteni wujud wernane basa sajrone Pacaturan dol tinuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.
- (2) Mangerteni wujud *alih kode* lan *campur kode* basa ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.

#### PAEDAHE PANLITEN

Paedahe panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Dene jlentrehane kaya mangkene.

- 1) Paedahi Teoretis  
Panliten iki diajab bisa menahi sumbangan marang kajian sosiolinguistik.
- 2) Paedah Praktis  
Migunani tumrap pasinaon sosiolinguistik sing ngrembug babagan panganggone basa lan ragam basa. Tumrap bebrayan, bisa menahi *deskripsi* ngenani panganggone basa sing didadekake objek sajrone panliten iki. Saengga bisa ngaweruhi gegambaran panganggone basa sajrone bebrayan. Kanggo para mahasiswa jurusan basa Jawa diajab bisa dadi panyengkuyung anggone sinau babagan basa Jawa lan wernane basa Jawa.

#### PANJLENTREHANE TEMBUNG

Ragam basa : Wernane basa utawa ragam basa ana rong pandhangan, (1) Werna basa sing disebabake amarga anane *keragaman sosial* panutur lan *keragaman fungsi* basa iku dhewe, yen ta penutur kuwi kelompok sing beda-beda, merga etnis, status sosial lan pakaryane. (2) Werna basa sing wis ana kanggo *interaksi* ing bebrayan (Chaer, 2004:81)

Pacaturan : Medharake tembung-tembung utawa guneman (Prawiroatmojo, 1981)

Dol tinuku : Adol lan tuku barang-barang dedagangan (Prawiroatmojo, 1981)

Pasar Jongkok : Pasar yaiku papan sing dianggo dol tinuku barang-barang (Prawiroatmojo, 1981). Pasar jongkok manggon ing sisihe stasiun Wonokromo Kutha Surabaya sing bukak antarane jam 8 bengi nganti jam 2 esuk. Wong sing tuku padha ndhodhok utawa *jongkok* nalika nglakoni pakaryan dol-tinuku.

Sosiolinguistik : Ilmu sing nyinaoni babagan basa lan panganggone basa sajrone bebrayan (Chaer, 2010).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### PANLITEN KANG SAEMPER

(1) *Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger Lan Endah Koeswanto*. Panliten iki ditindakake dening Dwi Retnaningsih taun 2008. Ancas saka panliten iki kanggo ngaweruhi wujud ragam basa, alih kode, lan campur kode sajrone teks lagu campursari anggitane Joko Jogger lan Endah Koeswanto. Panliten kasebut nggunakake tintingan sosiolinguistik. Asil saka panliten iki yaiku ragam campuran sing digunakake dening Joko Jogger lan Endah Koeswanto kanggo nganggit lelagon campur sari. Ragam campuran sing dienggo ing antarane yaiku ragam basa ngoko lan basa *dialek* Surabayan. Alih kode sing dienggo ana loro. Alih kode *intern* lan *ekstern*. Alih kode *intern* dumadi saka alih kode ragam ngoko-krama lan ragam basa krama-ngoko. Campur kode sing dienggo ana loro yaiku campur kode *positif* lan *negatif*.

(2) *Ragam Bahasa Jawa dalam Ludruk Karya Budaya dengan Lakon "Trubus Kudu Misuh"*. Dening Reni Indarwati 2008. Ancas saka panliten iki kanggo ngaweruhi wujud ragam basane para paraga Ludruk Karya Budaya sajrone lakon Trubus kudu misuh. Tintingan sing dienggo yaiku tintingan sosiolinguistik. Panliten iki ngandharake ngenani: (a) pamilihe tembung, anane pamedharan saka perangan awak, solah bawa lan panggonan. (b) wernane basa sing dienggo yaiku ngoko, krama madya, lan krama inggil. (c) alih kode sing dienggo yaiku alih kode ngoko-Indonesia-ngoko, alih kode Indonesia-ngoko, alih kode ngoko-krama-ngoko, lan alih kode ngoko-krama. (d) campur kode sing dumadi yaiku campur kode ngoko-Indonesia, campur kode Indonesia-ngoko, campur kode ngoko-krama, campur kode Indonesia-ngoko-Indonesia, campur kode ngoko-arab-ngoko, campur kode krama-ngoko-krama, lan campur kode ngoko-krama-ngoko.

(3) *Ragam Bahasa dan Strategi Tindak Tutur Pedagang Asongan di Terminal Minak Koncar Kabupaten Lumajang*. Panliten kasebut nduweni ancas ngenani *pelafalan* lan panulisan ragam basa para bakul asongan ing Terminal Minak Koncar. Panliten kasebut adhedhasar titikan pragmatik. Asil saka panliten kasebut adhedhasar fonologi yaiku (a) owahe fonem, (b) Ilange fonem, lan (c) tambahe fonem. Adhedhasar morfologi panliten kasebut ngrembug (a) tambahe morfem, lan (b) *pengulangan* morfem. Strategi tindak tutur nalika nawakake barang dagangan yaiku (a) strategi penghormatan sajrone nyapa, lan (b) ngrayu. Faktor sing njalari anane ragam basa bakul asongan nalika nawakake barang asale saka (a) factor wektu, (2) pakulinan, (3)

narik kawigaten wong sing tuku, lan (4) factor cepet kadol.

(4) *Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi*. Dening Lia Rusdiana 2015. Ancas saka panliten iki kanggo ngaweruhi wujud *variasi* basa sajrone buku Kidung-kidung kesucian. Teori sing dienggo yaiku ragam basa miturut panemune Chaer. Adhedhasar analisis panliten ngenani Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya iki nggunakake basa Jawa, Basa Indonesia, lan Basa Sansekerta. Saliyane saperangan basa kasebut, sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya uga nggunakake undha usuk basa Jawa ing antarane yaiku basa krama, krama-ngoko, krama-sansekerta, ngoko, ngoko-krama, ngoko-sansekerta, lan ngoko-Indonesia.

Adhedhasar panliten sing wis tau ditindakake sadurunge, mula ing kene sing bakal dileksanani yaiku panliten ngenani ragam basa sajrone pacaturan dol tinuku ing salah siji pasar ing kutha Surabaya yaiku Pasar Jongkok Wonokromo. Perkara kasebut dileksanakake jalaran panliten ngenani ragam basa sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo durung tau ditindakake, mligine yen ditindakake nganggo tintingan sosiolinguistik. Mula, saka panliten iki, diajab bisa luwih anane sesambungane karo pasar Jongkok kasebut. Mula panliten iki diwenehi irah-irahan "Ragam Basa Sajrone Pacaturan Dol Tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya".

### BASA

Basa yaiku minangka piranti *komunikasi* antarane bebrayan, basa diasilake dening manungsa lumantar *alat ucap* (Keraf, 1989:1). Chaer lan Leonie uga ngandharake panmune yen sejatine basa yaiku *sistem* lambang, arupa swara, asipat arbiter, *produktif*, *dinamis*, maneka warna, lan *manusiawi* (2010:11).

### RAGAM BASA

Hastuti (2003:8) ngandharake yen sajrone kahanan sing maneka warna, basa bisa digunakake kanggo ngandharake kekarepane pamicara marang mitra wicara, utawa panulis marang pamaca. Ing saben-saben kahanane *komunikasi* sing diadhepi, kapilih salah siji *variasi* panganggone basa. Tetembungan sing digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka werna-wernane panganggone basa iku diarani ragam basa.

## SOSIOLEK

Kabeh kelompok sosial nduweni *potensi* kanggo nduweni basa kanthi titikan tartamtu sing beda karo bebrayan liya. Yen *potensi* kasebut bisa dumadi ing kasunyatan, basa kasebut bisa diarani dialek sosial utawa diwancah dadi sosiolek. Utawa saora orane saben bebrayan nduweni werna basa dhewe (Sumarsono, 2013:26). Pawongan sajrone bebrayan yen lagi cecaturan karo wong sanjaba bebrayane, umume pawongan kasebut bakal ngreka daya supaya ora nggunakake *variasi* sing biyasa dienggo nalika sajrone bebrayane. *Variasi* sing kaya mangkene diarani dialek sosial utawa sosiolek (Djoko Kentjono (1990:116).

## IDIOLEK

Idiolek yaiku variasi basa sing asipat pawongan. Dadi saben pawongan nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe sing gegayutan karo wernane swara, pamilihe tembung, lelewane basa, lan pangrakite ukara. Saka sawernane bab kasebut sing paling onjo yaiku wernane swara. Kanthi cara amung ngrungokake swara kita wis bisa mangerteni sapa sing micara yen kita wis kenal sadurunge (Chaer, 2010:62). Kronolek yaiku ragam basa sing dienggo saka *kelompok sosial* ing waktu tartamtu.

## KONTAK BASA

Chaer lan Agustina (2010:84) ngandharake yen prastawa-prastawa panganggone basa sing disebabake saka anane kontak basa yaiku prastawa *bilingualism*, *diglosia*, *alih kode*, *campur kode*, *interferensi*, *integrasi*, *konvergensi*, nyisihe basa. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen kontak basa nuwuhake anane panganggone rong basa utawa luwih dening panutur. Kahanan lan kadadayan tartamtu sing mbutuhake anane rong basa utawa luwih kanggo nggayuh kecarepane panutur. Panganggone rong basa sajrone *konteks* tartamtu bisa nuwuhake anane *bilingualism* (dwibasa) lan *interferensi*. Nanging sajrone bebrayan lumrahe tuwuh anane *alih kode* lan *campur kode*.

## ALIH KODE

Alih kode (*code switching*) dhasare minangka prastawa ngalih panganggone sawijine kode tumuju sajrone kode liyane. Prastawa alih kode sejatine minangka salah sawijine *aspek* anane padha-padha gumantunge basa sajrone masyarakat bilingual (Basir, 2010:76). Soewito sajrone Chaer (2010:113) merang alih kode dadi loro, yaiku alih kode intern lan alih kode ekstern. Tegese alih kode intern yaiku alih kode sing kedaden ing basane dhewe, kaya ta basa Indonesia ing Jawa utawa sawalike kode ekstern kedaden ing basane dhewe ing basa asing.

## CAMPUR KODE

Campur kode bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa (Kachru lan Thelandher sajrone Basir 2010:79). Basir merang campur kode adhedhasar aspek nilai sumbangan (*kontribusi*) yaiku campur kode *positif* lan campur kode *negatif*. Campur kode positif minangka wujud panganggone unsur basa liya kaya apa anane ora diowahi unsure merga ora ana padhanan tembung ing basane. Anggone njupuk unsur basa utawa ragam basa liya iku sipate nyugihake basa sing dienggo. Campur kode iki asipat *positif* lan asipat *integratif* utawa (nguntungake). Campur kode *negatif* yaiku njupuk lan nganggo unsur basa saka basa liya, nanging ing basane dhewe ana unsur kasebut sing padha, *produktif* lan *representatif*. Campur kode iki asipat *interferensif* utawa nyampur antarane unsur basa siji lan sijine sing ngrugekake.

## LANDHESAN TEORI

Kanggo nganalisis wujud wernane nganggo teori ragam basa sajrone Hastuti (2003), yaiku ragam basa yaiku tetembungan sing digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka werna-wernane panganggone basa. Panemune Chaer (2010) digunakake kanggonanalisis wujud sosiolek lan idiolek. Sosiolek yaiku *variasi* basa sing gegayutan karo anane status, golongan, lan klas sosial panutur. Idiolek gegayutan karo pawongan nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe sing gegayutan karo wernane swara, pamilihe tembung, lelewane basa, lan pangrakite ukara.

Kanggo nganalisis wujud alih kode lan campur kode bakal nggunakake teori sajrone Basir (2010). Alih kode sejatine minangka salah sawijine *aspek* anane padha-padha gumantunge basa sajrone masyarakat bilingual. Campur kode yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa.

## METODHE PANLITEN

Kagiyatan panliten sing nganggo objek *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya bakal awujud panliten *diskriptif kualitatif*, merga panliten iki menahi deskripsi marang saben-saben underane panliten.

## SUMBER DHATA LAN DHATA

Sumber dhata yaiku sak ngendi dhata sing ditliti. Sumber dhata panliten iki yaiku pacaturan dol tinuku sing ditindakake dening bakul lan wong sing tuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.

Dhata panliten yaiku awujud tembung, *frase*, *klausa*, lan ukara sing ngandhut aspek ragam basa, lan

aspek tindak basa sajrone pacaturan dol tinuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.

### INSTRUMEN PANLITEN

Instrumen sing dienggo ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen penyengkuyung. Instrumen utama yaiku panliti dhewe merga panliti sing nglakoni panliten iki. Panliti sing nglumpukake dhata, nganalisis dhata lan nulis asil analisis dhata. Sekabehe panliten iki gumantung panliti saka anggane niti objek panliten. Instrumen panyengkuyung yaiku piranti sing dienggo panliti kanggo nglumpukake dhata, nganalisis dhata lan nulis asil analisis dhata kalebu *handphone* kanggo ngrekam pacaturan dol tinuku, potelot/pulpen lan buku cathetan kanggo nyathet asil pacaturan dol tinuku, komputer/laptop kanggo nggarap lan nulis asil analisis dhata pacaturan dol tinuku.

### TATA CARA PANLITEN

Tata cara nglumpukake dhata kaya mangkene:

- (1) Teknik ngrungokake yaiku panliti njinggleng lan ngrungokake rekaman pacaturan dol tinuku ing *Pasar Jongkok Wonokromo* kutha Surabaya.
- (2) Panliti nggoleki wujud ragam basa, lan wujud interferensi sarta nengeri saben tembung lan ukara sing ngandhut perangan kasebut.
- (3) Panliti nyathet dhata-dhata sing slaras karo underane panliten.

### TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Tehnik pilah yaiku dhata dipilah-pilah miturut underane panliten kaya mangkene:

- (1) Dhata-dhata sing dicathet banjur diperang miturut underane panliten.
- (2) Sawise dhata kaperang banjur dhata-dhata dianalisis nganggo analisis kualitatif.
- (3) Banjur njlentrehake asile panliten.

### TATA CARA NGOLAH DHATA

Metodhe lan Tehnik ngolah dhata sing dienggo ing panliten iki yaiku metodhe Padan lan Agih. Metodhe Padan, piranti panentune ing sanjabane basa. Dene metodhe Agih iki pirantine panentune ana ing basa iku dhewe (Sudaryanto, 1993:13-15). Tehnik sing dienggo yaiku tehnik pilah. Tehnik pilah yaiku dhata dipilah-pilah miturut underane panliten

### TATA CARA NYUGUHAKE ASIL ANALISIS DHATA

Tata cara nyuguhake dhata nganggo metodhe formal lan informal. Sudaryanto (1993:144-159) ngandharake yen metodhe formal minangka cara nyuguhake asile analisis dhata nganggo angka-angka lan kodhe-kodhe. Dene metodhe informal yaiku tata cara

nyuguhake dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah.

Metodhe formal digunakake kanggo menahi kodhe-kodhe sajrone cuplikan dhata kaya sing ana ing dhaftar cekakan. Dene metodhe informal digunakake kanggo menahi deskripsi panliten iki liwat tembung-tembung sing dironce, nganggo basa Jawa.

### RUNTUTANE PANLITEN

Runtutane panliten bisa diperang dadi telu yaiku prapanliten, nindakake panliten, nulis laporan panliten (Mahsun, 2005:31).

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### WUJUD WERNANE BASA (RAGAM BASA)

Ragam basa sajrone panliten wis kaperang-perang adhedhasar kahanan lan wektu. Saben perangan nuduhake gegambaran saka sakabahe dhata ing lapangan. Dhata diklumpukake banjur dijinggleng. Saka dhata sing wis dijinggleng, ragam basa sajrone panliten iki bisa diperang-perang maneh. Wujud *variasi* basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing pasar Jongkok Wonokromo bakal diperang adhedhasar kahanan. Kahanan sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo nuwuhake anane wujud *sosiolek*, *idiolek*, lan *variasi tembung*.

#### WUJUD SOSIOLEK

Wujud Sosiolek sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok kaperang dadi panganggane basa krama, wujud jargon, wujud slang, lan panganggane basa *Suroboyoan*.

#### PANGANGGONE BASA KRAMA NALIKA PACATURAN DOL TINUKU

Sosiolek adhedhasar umur ndadekake tuwuhe panganggane basa krama. Tuladhane katuduhake ing pacaturan pacaturan dol-tinuku ing ngisor iki.

WT : Jam Adidas pinten Pak?

BJT : Sing jam Adidas seratus enam puluh.

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT takon rega barang dagangane BJT. Tembung sing kagaris ngisore sajrone pacaturan kasebut minangka salah siji titikane basa krama. 'Pinten' ing basa krama padha karo 'pira' ing basa ngoko.

#### WUJUD JARGON

Jargon yaiku tetembungan tartamtu sing digunakake sajrone bebrayan tartamtu. Kadhang kala saben bakul nduweni tetembungan dhewe kanggo ngarani barang dagangane. Ya iki sing diarani jargon. Cethane ana ing tuladha pacaturan ing ngisor iki.

BH : Wolung atus.  
WT : Kok larang se... Second ae kok!

pacaturan nduweni konteks WT maido BH jalaran barang sing didol dening BH regane larang lan ora sumbut karo wujud barang. Sajrone pacaturan kasebut, tembung 'second' digunakake dening WT nalika cecaturan karo BH. WT lan BH ngerti yen tembung kasebut panganggone tumrap barang sing didol dening BH yaiku handphone. Sing dikarepake WT saka tembung 'second' kasebut kanggo nyethakake yen barang sing didol dening BH iku barang lawas utawa tilase uwong.

### WUJUD SLANG

Slang yaiku wujud wernane basa sing ora resmi lan ora baku sing asipat musiman, dienggo dening golongan rumaja utawa paguyuban tartamtu. Wujud slang ing Pasar Jongkok Wonokromo katuduhake ing pacaturan iki.

WT : Mas Sampeyan nduwe jersey West Ham?

BKBB : West Ham onoke sing biyasa Masbro. Pacaturan kasebut nduweni konteks WT takon marang BKBB ngenani barang tartamtu sing dikarepake. Sajrone pacaturan kasebut, BKBB nggunakake tembung 'Masbro' kanggo ngakrapi WT. Tembung 'Masbro' minangka tembung sesuluh. Tembung kasebut sejatine dumadi saka tembung 'Mas'. Dene tembung 'bro' iku minangka tembung wancah saka tembung basa Inggris 'brother' sing tegese 'dulur lanang'. Dadi BKBB nggunakake tembung 'Masbro' supaya WT rumangsa luwih akrab nalika nglakoni dol-tinuku karo BKBB.

### PANGANGGONE BASA SUROBOYOAN

Basa *Suroboyoan* sejatine mujudake dialek. Panliti ngrembuk anane *dialek basa Suroboyoan* jalaran *sosiolek* iku mujudake *dialek* sajrone bebrayan sosial. Yen dideleng saka kahanane, bebrayan sosial ing Pasar Jongkok Wonokromo saperangan akeh sing minangka warga kutha Surabaya. Mula *variasi* basa sing dienggo dening bebrayan sing manggon ing Pasar Jongkok Wonokromo salah sijine yaiku *basa Suroboyoan*.

WT : Bah, nduwe hem?  
BKB : Hem sing yokapa?

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT takon jinis barang tartamtu marang BKB. Tembung-tembung sing kagasis ngisor ing pacaturan kasebut minangka salah siji tembung sajrone *basa Suroboyoan*. 'Yokapa' minangka salah siji tembung sing nduweni teges padha dene tembung 'kepriye/piye' sajrone basa Jawa baku. Yen didadekake basa baku, ukara pitakon sing diucapake dening bakul kuwi bakal dadi "hem sing kepriye?".

### WUJUD IDIOLEK

*Idiolek* yaiku variasi basa sing asipat pawongan. Dadi saben pawongan nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe sing gegayutan karo wernane swara, pamilihe tembung, lelewane basa, lan pangrakite ukara. *Idiolek* sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo biyasane dienggo dening bakul. Bakul nggunakake *variasi* basa tartamtu kanggo narik kawigatene calon wong tuku. Tuladha wujud idiolek ora awujud pacaturan. Jalaran idiolek iku asipat pawongan pribadi. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

BRI : Ayo lima ribu lima ribu.  
Murah murah. Mbako pilihan mbako pilihan.  
Lima ribu. Boleh dicoba.  
Nyobak gratis.

Dhata kasebut nduweni konteks BRI nawakake barang dagangane marang wong-wong sing padha liwat. Dheweke nggunakake tembung tembung taratamtu kanggo narik kawigatene calon wong tuku. Kaya ta panganggone basa Indonesia "lima ribu. Lima ribu". Dheweke nggunakake tembung-tembung basa Indonesia kasebut kanggo nuduhake marang para calon wong tuku sing liwat yen barang dagangane dheweke iki murah regane. Sabanjure dheweke nggunakake basa Jawa "Mbako pilihan". Tembung-tembung basa Jawa kasebut digunakake kanggo nuduhake yen barang sing didol iku dumadi saka mbako pilihan. Mula saka kuwi cetha yen dheweke iku dodolan rokok/ udud. Nanging yen dideleng regane rokok sing didol mung 'lima ribu' (limang ewu) kena didudut yen dheweke dodol rokok illegal utawa tanpa cukai. Iki wujud idioleke BRI.

### VARIASI TEMBUNG

Panutur nduweni cara dhewe nalika ngucapake tembung-tembung tartamtu sajrone nglakoni pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo. Panutur saka *latar belakang* sing beda-beda nduweni cara dhewe kanggo ngucapake tembung-tembung tartamtu sing ora cundhuk marang paramasastra. Kadadegan kaya mangkene iki bisa disebabake kurange weruh panutur marang tata basa lan tata pangucapane tembung. Bisa uga tuwuh jalaran oleh pangaribawa saka pakulinan sabendina. Kaya ta pangaribawa saka pakulinan nggunakake dialek utawa pangaribawa saka basa liya.

### VARIASI TEMBUNG ING PANGUCAPE

Pirembungan ngenani wujud *variasi* pangucapane tembung kawiwitan saka tuladha pacaturan ing ngisor iki.  
WT : Pitung puluh.  
BS2 : Gurung oleh Mas.

Konteks saka pacaturan (5) yaiku WT sing ngenyang barang sing didol dening BS2 nanging durung diolehi dening BS2.. Tembung sing kagaris ngisore bisa diarani tembung sing pangucape *variatif*. Senajan ta bisa uga tembung kasebut kalebu salah siji basa Suroboyoan. Nanging bisa uga tembung kasebut asline yaiku tembung ‘durung’ sing ngalami proses *asimilasi fonetis*. Saka sing maune fonem /d/ sing manggon ing ngarepe tembung banjur owah dadi fonem /g/. Banjur tuwuh tembung ‘gurung’ saka tembung asli ‘durung’ lumantar proses *asimilasi* iku mau.

#### VARIASI TEMBUNG ING PAMILIHE

Wujud *variasi* tembung ora mung ing pangucape. Pamilye tembung uga bisa ndadekake wujud tembung sing *variatif*. Tuladhane kaya mangkene.

WT : Wadhah... kurangi pa'a Mas! Limang atus!

BH : Wadhuh! kemurahan Mas. Pitung atus.

Pacaturan kasebut nduweni konteks nyang-nyangan antarane WT lan BH. Tembung sing kagaris ngisore minangka *variasi* pamilye tembung. Tembung ‘wadhah’ ateges barang sing dienggo nyimpen barang liya. Nanging BH nggunakake tembung kasebut kanggo nelakake pangesah marang BH. Saliyane iku BH uga nggunakake tembung ‘wadhuh’ uga kanggo nelakake pangesah jalaran ora cocog karo rega sing diandharake dening WT. Sejatine kekarone bisa nggunakake tembung ‘aduh’ utawa cukup ‘dhuh’ kanggo ngganti tembung sing kagaris ngisore sajrone pacaturan ing ndhuwur. Kadadeyan kaya mangkene bisa disebabake wis dadi pakulinane WT lan BH nggunakake tembung kasebut nalika nelakake pangesah marang liyan.

#### VARIASI TEMBUNG ING PANGRAKITE

Pangrakite tembung-tembung sing ora lumrah bisa ditemokake sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo. Perkara kasebut bisa disebabake jalaran kurange weruh para panutur marang pangrakite tembung sing cundhuk marang paramasastra. Mula kadadeyan sing kaya mangkene iki minangka wujud *variasi* basa. Tuladha *variasi* tembung ing pangrakite ana ing pacaturan dol-tinuku iki.

WT : Iya. Iki pira jakete?

BJ2 : Pitu lima. Wis iku ae jupuken!

Wernae mantesi nek mokgae.

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT takon rega barang marang BJ2. BJ2 mangsuli kanthi abang-abang lambe supaya narik kawigatene WT. Ukara sing kagaris ngisor minangka wujud pangrakite tembung sing ora lumrah. Bisa diarani ora lumrah jalaran sajrone ukara kasebut ana tembung ‘mokgae’. Tembung kasebut minangka tembung andhahan sing kurang trep lan.

Bakale dadi tembung sing andhahan sing lumrah yen diowahi dadi ‘kokgawe’. Nanging senajan ta diowahi dadi ‘kokgawe’, tembung kasebut tetep ora trep yen manggon ing ukara sing digaris ngisor. Ukara sing diandharake dening BJ2 bakale dadi ukara sing trep yen tembung ‘kokgawe’ (owah-owahan saka tembung ‘mokgae’) iku diganti karo tembung ‘koknggo’. Jalaran tembung ‘koknggo’ iku tembung linggane ‘nganggo’. Dene tembung ‘kokgawe’ iku tembung linggane ‘nggawe’. Kadadeyan kaya mangkene dijalari BJ2 ora weruh paugeran pangrakite tembung basa Jawa sing bener. Dheweke mung butuh *efisiensi* pacaturan lan ora mikir paugeran basa sing bener.

#### PANGANGGONE TEMBUNG WANCAH

Tembung wancah yaiku tembung tugelan. Tegese tembung tugelan ing kene yaiku salah siji tembung utawa luwih sing dicekak banjur tuwuh tembung anyar. Tuladhane kaya mangkene.

WT : Seket pun.

BJT2 : Yawis kene kene!

WT : Peyan potong rantene sik Pak!

Pacaturan kasebut nduweni konteks BJT2 gelem karo rega sing dikarepake WT, banjur WT njaluk barang sing dipengini. Tembung sing kagaris ngisor ing pacaturan kasebut yaiku tembung sesulih sing diwancah. Tembung asline yaiku tembung sesulih madyama purusa ‘Sampeyan’. Nanging WT ngucapake tembung kasebut kanthi wancah dadi ‘Peyan’ supaya luwih cekak pangucapane. Saliyane iku uga ana tembung wancah saka tembung asli ing basa krama.

#### PANGANGGONE TEMBUNG WOD

Sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo tembung wod uga akeh digunakake. Tembung wod dhewe ateges tembung sing dumadi mung sakecap. Saben tembung wod uga nduweni guna lan teges dhewe dhewe. Saperangan tembung wod minangka tembung dadi sing nduweni teges.

BS4 : Satus seket.

WT : Wadhuh larang.

BS4 : Hla pira hlo Boss?

Tuladha pacaturan (4) antarane WT lan BS4. Pacaturan kasebut nduweni konsep nyang nyangan antarane WT lan BS4. Panganggone tembung wod ‘hla’ katuduhake ing ukara sing diucapake dening BS4. Tembung ‘hla’ kasebut digunakake kanggo ngantebake surasa. Sing sejatine diantebake yaiku pira rega sing dikarepake dening WT. Mula BS4 nambahake tembung kasebut kanggo nakokake rega sing dipengini dening WT.

## WUJUD ALIH KODE LAN CAMPUR KODE

Alih kode lan Campur kode minangka prastawa sing disebabake panutur sing asipat bilingual. Sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo, wujud panutur sing *bilingual* sering ditemoni. Kabuktekake saka anane alih kode lan campur kode. Lumrahe wujud basa sing sepisan ditemokake yaiku basa Jawa jalaran Surabaya minangka *Ibukota Jawa Timur*. Nanging anane warga sing dudu asli wong Jawa lan manggon ing Surabaya bisa njalari tuwuhe panutur sing *bilingual*. Sing kaya mangkene iki minangka wujud *variasi* basa jalaran status panutur. Panliti nemokake panutur sing bilingual. Katuduhake anane wujud alih kode lan campur kode antarane basa siji lan basa liyane sing bakal diandharake siji mbaka siji.

## PANGANGGONE BASA JAWA-INDONESIA

Panganggone basa Indonesia ora bisa uwal sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo. Iku mono jalaran sing manggon ing Kutha Surabaya ora mung wong Jawa wae. Akeh wong saka njabane tanah Jawa kepara pawongan saka manca sing manggon ing Kutha Surabaya. Kahanan kaya mangkene ndadekake panganggone basa Indonesia. Saliyane iku uga nuwuhake wujud *variasi* basa yaiku tuwuhe alih kode basa Jawa menyang Indonesia. Utawa basa Indonesia menyang basa Jawa. Tuladhane katuduhake ing ngisor iki.

- WT : Mas! Puma-ne pira Mas?  
BS1 : Seratus lima puluh. Bisa kurang.  
WT : Pitung puluh ae ya?  
BS1 : Gak oleh.  
WT : Pase pira?  
BS1 : Satus.

Pacaturan kasebut nduweni konteks nyang nyangan rega antarane WT lan BS1. Senajan ta BS1 nyebutake rega nganggo basa Indonesia kaya ngono pacaturan sabanjure tetep nganggo basa Jawa. Kadadayan kaya mangkene iki kena diarani alih kode. Ukara sing kagaris ngisor yaiku ukara basa Indonesia. BS mangsuli pitakone WT ngenani rega sepatu merk Puma nganggo basa Indonesia. Sabanjure WT ngenyang rega sepatu kasebut nganggo basa Jawa. Sawise WT ngenyang, BS mangsuli rega pase nganggo basa Jawa. Sing kaya mangkene kalebu alih kode *interen* utawa alih kode basa Indonesia menyang basa Jawa.

Saliyane basa Indonesia sing digunakake sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar jongkok iku kalebu alih kode, uga ana basa Indonesia sing digunakake minaka campur kode. Campur kode bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa. Tuladhane basa Indonesia sing

digunakake minangka campur kode ana ing tuladha pacaturan-pacaturan dol tinuku iki.

- WT : Sik lancar a aplikasine?  
BH : Lancar Mas. Tombol powere rada rusak.

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT nakokake jinise barang sing dikarepake wis rusak apa durung. Wujud campur kode katuduhake ing pacaturan kasebut. Tembung basa Indonesia katuduhake ing tembung sing kagaris ngisore. Tembung ‘tombol’ minangka tembung ing basa Indonesia sing nduweni teges piranti sing kena ditutul. Anggone BH nggunakake tembung kasebut bisa dijajari dheweke aras-arasen nucapake ‘piranti tutul’. Bisa uga dijajari dheweke wis kulina nganggo basa Indonesia kanggo ngarani samubarang tartamtu. Nanging bisa uga tembung ‘tombol’ iku mono wis lumrah dienggo dening bebrayan kanggo ngarani samubarang piranti sing kena ditutul.

## PANGANGGONE BASA JAWA-INGGRIS

Panganggone basa Inggris sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo ora sepira akeh nanging tetep ana. Basa Inggris sajrone pacaturan biyasane katuduhake ing tembung-tembung tartamtu. Tembung-tembung basa Inggris tetep digunakake sajrone ukara lan ndadekake campur kode basa Jawa lan basa Inggris. Kadadayan kaya mangkene bisa dijajari tetembungan sing pancen lumrahe awujud tembung basa Inggris. Kadhang kala ana panganggone basa Inggris sing wujud frasa kanggo ngarani barang tartamtu. Kadadayan kaya mangkono bisa diarani campur kode. Tuladhane ana ing ngisor iki.

- WT : Brass Knuckle iki pira Cak?  
BA : Apa iku?  
WT : Iki hlo.  
BA : Oh roti kalung.

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT pengin tuku barang tartamtu banjur takon marang BA.. Tembung sing kagaris ngisore minangka tembung basa Inggris. ‘Brass knuckle’ yaiku tembung kanggo mastani ‘roti kalung’. Roti kalung yaiku piranti kanggo jotos-jotosan. Awujud wesi mlungker sing dienggo ing ros-rosan driji. ‘Brass’ iku ateges kuningan, dene ‘knuckle’ iku ateges ros-rosan driji. Nanging wong Jawa lumrahe ngarani barang kasebut roti kalung. Senajan barang kasebut minangka piranti sing ateges kuningan, nanging ora sithik sing dumadi saka wesi. WT nggunakake tembung ‘brass knuckle’ jalaran iku aran asli kanggo barang sing dimaksud. Dene bebrayan lumrahe ngarani barang kasebut ‘roti kalung’.



## PANGANGGONE BASA JAWA-MEDURA

Surabaya minangka kutha sing akeh pendhudhuke. Ora mung warga asli Surabaya nanging uga akeh warga sing teka saka dhaerah utawa kutha liya. Salah sijine yaiku Medura. Wong Medura wis kasebar ing kecamatan-kecamatan ing kutha Surabaya. Salah sijine yaiku kecamatan Wonokromo. Mula ora sithik wong Medura sing mara ing Pasar Jongkok Wonokromo kanggo blanja. Kepara uga ana sing mbukak lapak lan dodolan ing Pasar Jongkok Wonokromo. Semono uga panganggone basa. Kanthi ora sengaja wong asli Medura sok-sok nggunakake basane dhewe sajrone pacaturan dol-tinuku. Senajan ta kadhang kala sing diajak guneman iku dudu wong asli Medura. Tuladhane pacaturan ing ngisor iki iki.

- WT : Kathok kempole pinten Bah?  
BKR : Ndi?  
WT : Iki hlo.  
BKR : Telok lemak.  
WT : He! Pira?  
BKR : Telok lemak. Telu lima.

Pacaturan kasebut nduweni konteks WT takon rega jinise barang tartamtu marang BKR. Basa Medura katuduhake ing tembung sing kagaris ngisore. 'Telok lemak' minangka tembung wilangan ing basa Medura sing tegese 'telu lima' ing basa Jawa. Iki kalebu alih kode *intern* saka basa Medura menyang basa Jawa. Kadadeyan iki disebabake jalaran BKR iku wong asli Medura lan bisa uga dheweke wis kulina nganggo basa Medura ing pacaturan sabendina. Kadadeyan iki bisa disengaja utawa ora disengaja. BKR ngucapake tembung kasebut digunakake kanggo nuduhake rega saka barang sing ditakokake dening WT. Sing kaya mangkene iki mujudake alih kode lan campur kode sing asipat *interferensif*. Jalaran dwibasane BKR ndadekake bingunge WT.

## PANUTUP

### DUDUTAN

Pasar Jongkok ing Stasiun Wonokromo minangka salah siji pasar ing kutha Surabaya. Pasar kasebut uga diarani Pasar Maling. Sinebut Pasar Maling jalaran kadhang kala barang sing didol ing pasar kasebut saperangan minangka barang asil nyolong. Basa sing dienggo sajrone pacaturan dol-tinuku sing ana sajrone Pasar Jongkok Wonokromo iki ora mung sabasa wae. Katuduhake saka anane wernane basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kasebut.

Wujud wernane basa sing ana sajrone pasar Jongkok Wonokromo iki ana telung macem. Bisa kaperang dadi telung macem wernane basa adhedhasar kahanan ing Pasar Jongkok Wonokromo kasebut.

Sangang macem wujud wernane basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo sing sepisan yaiku anane *variasi* tembung kalebu *variasi* pangucap tembung, *variasi* pamilihe tembung, *variasi* pangrakite, tembung wancah, lan tembung wod. Banjur kapindhone anane wujud sosiolek kalebu panganggone basa krama, jargon, slang, lan basa *Suroboyoan*. Kaping telu anane wujud idiolek para bakul ing Pasar Jongkok Wonokromo.

Saliyane wujud wernane basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar jongkok Wonokromo, uga ditemokake anane alih kode lan campur kode basa. Katuduhake ing panganggone basa Jawa-Indonesia, panganggone basa Jawa-Inggris, lan panganggone basa Jawa Medura. Wujud alih kode lan campur kode sing kaya mangkene bisa disebabake dening panutur sing bilingual utawa wujud pangaribawa saka basa liya.

Saka sakabehe asil panliten ngenani ragam basa sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kasebut bisa didudut yen bebrayan Pasar Jongkok kalebu (wong tuku/calon wong tuku, bakul, lan tukang parkir) nduweni basa sing maneka warna lan beda-beda antarane siji lan sisijine. Saliyane iku pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo nuwuhake anane wujud kontak basa. Katuduhake anane alih kode lan campur kode.

## PAMRAYOGA

Panliten iki mung ngrembug saperangan wujud wernane basa lan wujud kontak basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan. Aspek-aspek liya sing kalebu wujud wernane basa utawa wujud kontak basa isih durung kabedhah kanthi rowa. Mula, perlu dianakake panliten sing mirunggan babagan wujud wernane basa lan wujud kontak basa sajrone pacaturan dol-tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya kanthi luwih njlimet.

## KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A Chaedar. 1985. *Beberapa Madhab dan dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.  
Arikunto, Suharsimi. 1998. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Bandung: Rineka Cipta.  
Basir, Udjang Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Edisi Kedua*. Surabaya: Bintang Surabaya.  
Chaer, Abdul. 2003. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.  
Chaer, Abdul lan Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.  
Hadi, Abdul dkk. 1985. *Interferensi Gramatika Bahasa Indonesia dalam Bahasa Jawa*. Jakarta. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.  
Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widia.

- Jendra, I Wayan. 1991. *Dasar Dasar Sociolinguistik*. Denpasar: Ikeyana.
- Kentjono, Djoko. 1990. *Dasar Dasar Linguistik Umum*. Depok: Fakultas Sastra Universitas Indonesia.
- Keraf, Gorys. 1989. *Komposisi, Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Grafindo Jaya.
- Moleong, J Ixxy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: Remaja Rosada Karya.
- Nababan, PWJ. 1993. *Sociolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Prawiroatmojo, S. 1981. *Basastra Jawa – Indonesia*. Jakarta: Gunung Agung.
- Sasangka, Shri Satria Catur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sasangka, Shri Satria Catur Wisnu. 2010. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku: Bahasa – Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto lan Pranowo. 2001. *KAMUS PEPAK BASA JAWA*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sumarsono. 2013. *Sociolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suwito. 1985. *Pengantar Awal Sociolinguistik: Teori dan Problema*. Surakarta: Henary Cipta.
- Thomason, G. Sarah. 2001. *Language Contact*. Edinburg: Edinburg University Press Ltd.

